



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

25 Janvyè 2021

A Kominote Aprantisaj Lekòl Piblik Elizabeth,

Mwen espere ke kominikasyon sa rive jwenn ou an bon sante pandan nap antre nan yon nouvèl ane avèk kèkontan pou reouvri lekòl nou yo nan ane lekòl 2020-2021 an.

Espwa nou yo akonpaye ak gro responsablite pou reouvri lekòl yo an sikirite pandan ap depase atant minimòm yo pou mete sante ak sekirite an premye pou tout manm nan kominote aprantisaj nou an. Daprè chak sit entènèt Eta New Jersey, pousantaj pozitivite aktyèl la pou zòn Nò New Jersey se 13.0% ak pousantaj pozitivite New Jersey an jeneral se 13.6%. Akoz pousantaj pozitivite aktyèl yo ak tandans antisipe nan pousantaj pozitivite an relasyon ak mezi nou yo pou reouvri ak tout sekirite nan lekòl yo, **enstriksyon adistans nan Lekòl Piblik Elizabeth yo ap pwolonje jiska 12 Avril 2021.**

Sekirite ak byennèt nan kominote aprantisaj nou an, premyeman, ap gide wout pou retounen nan lekòl nou yo ak ansèyman e retounen avèk aprantisaj anpèsòn. Kòmansman ane nouvèl la ak retounen nan period vakans ki sot pase a, nou antisipe ogmantasyon nan ka to pousantaj ensidans nan zòn nou an ki deja egziste. Alafen, avanse nan Faz III pral entredi yon pi gro kantite elèv ak anplwaye nan bilding lekòl nou yo e anviwònman salklas yo. Avanse twò vit nan Faz III kapab potansyèlman kreye yon risk sekirite. Sepandan, nou espere espansyon nan vaksinasyon akatyèl la epi nan semèn kap vini yo, an konbinezon ak kontinye distans sosyal ak pratik ijyèn ki an sante yo pral travay plis pou proteje kominote nou an, diminye pousantaj pozitivite a, epi pote nou pi pre retou inevitab nan lekòl nou yo.

Distri a ak Konsèy Edikasyon Elizabeth la ap kontinye konsilte avèk profesyonèl sante piblik yo epi kontwole tout mezi enpòtan yo pandan y ap obsève direktiv ak pwotokòl CDC, Depatman Sante NJ, ak Depatman Edikasyon NJ. Pandan ke retou a "nòmal" nou an toujou prevwa yon pwosesis gradyèl epi byen mezire, nou rete avèk espwa pou reouvri pòt nou yo ankò nan kominote aprantisaj nan mwa Avril. Nou pral mete w okouran sou planifikasyon nou yo ak progrè jan nou ap avanse nan pwochen de mwa yo.

Mèsi pou tout sa w ap fè pou ede elèv Lekòl Piblik Elizabeth yo ak kominote aprantisaj nou an reyisi nan tan difisil sa. Mwen apresye sipò, pasyans, ak fleksibilite ou pandan moman difisil e san parèy sa yo.

Sensèman,

Olga Hugelmeyer

Office of the Superintendent of Schools